

# Aktivite Eksplòre Matematik pou fanmi

Yo adapte de aktivite sa yo apati kourikoulòm blòk konstriksyon (*Building Blocks*) an, ke yo mete anjeneral nan salklas *Explore pre-K* yo. Yo adapte aktivite yo pou timoun laj twa ak katran epi yo ka fè yo fasilman lakay avèk fanmi ak lòt moun k ap bay swen, avèk tikras materyèl nesèsè. Yo fè yo pou yo agreyab ak amizan pandan y ap kore tou devlopman timoun lakay.

## **Aktivite 1: Konbyen kounye a?**

**Materyèl ou bezwen:** Materyèl ou ka konte.

### **Kòman pou jwe:**

- Fè jwèt sa a pandan pitit ou a ap manje manje ou ka konte oswa si pitit ou a ap jwe avèk yon ti gwoup objè. Paegzanp si pitit ou a gen kat tranch zoranj nan asyèt li a, mande pitit ou a pou li di konbyen tranch ki genyen ototal. Apresa, mete yon lòt tranch zoranj anplis nan asyèt la epi mande l “Konbyen ki genyen kounye a?”
- Mande pitit ou a pou li manje yon tranch zoranj epi mande l “Konbyen ki genyen kounye a?” epi, “Kòman w fè konnen?”
- Obsève ansanm total la apre ou fin ajoute oswa retire ladan.

### **Poukisa jwèt sa a?**

- Jwèt sa a ofri konpreyansyon konkrè sou sa adisyon ak soustrasyon vle di, piske pitit ou a ka wè ak touche objè l ap itilize yo.

## **Aktivite 2: Èd nan fè lesiv**

**Materyèl ou bezwen:** Rad.

### **Kòman pou jwe:**

- Envite pitit ou a ranje rad pou lave yo dapre kategori. Poze kesyon tankou:
  - “Kòman nou ka òganize rad sa yo dapre lo pou li ka pi fasil pou separe yo?”
  - “Èske gen plis pantalon oswa plis chemiz? Kòman w fè konnen?”
  - “Èske gen yon lòt mwayen nou ta ka òganize rad yo?”

### **Poukisa jwèt sa a?**

- Lè timoun yo ap separe, y ap aprann kòman pou idantifye atribi epi apresa objè angwoup dapre atribi sa yo. Sa bati panse kritik, pandan y ap dekouvri ki bagay ki mache ansanm epi poukisa.

*All Explore Family Math Activities are adapted from Building Blocks, © Clements & Sarama, 2013, McGraw-Hill Education.*